



Diskriminasyon ak tizonnay seksyèl

Kisa diskriminasyon ye?

Lè yo trete yon moun yon fason enjis poutèt ras li, sèks li idantifye ak li, relijyon li, orijin nasyonal li, andikap li, laj li, oswa lòt faktè. Kèlkeswa sitwayènte yon moun oswa sityasyon li ak imigrasyon, yo entèdi diskriminasyon nan domèn: travay, akomodasyon piblik, lojman, ak sèvis minisipalite vil la bay.

Kisa tizonnay seksyèl ye?

Yon fòm diskriminasyon espesifik kote yon moun ap touche yon moun, fè kòmantè, oswa fè envitasyon moun nan pa vle, oswa lòt konpòtman ki gen pou wè ak sèks. Tizonnay seksyèl ka rive ant moun nenpòt ki sèks, kèlkeswa ak sèks moun yo idantifye a oswa oryantasyon seksyèl yo. Yon ajans otorize oswa sendika w la ka depoze yon plent nan non w.

Konfidansyalite

N ap kenbe tout plent konfidansyèl kèlkeswa sèks, ras, oswa sitwayènte moun nan. Se dwa w pou w santi ou an sekirite nan espas travay ou. Malgre li kapab difisil pou deklare ensidan yo, gen fason pou pwoteje djòb ou lè w ap pote plent pou diskriminasyon ak tizonnay seksyèl.

Aksè Lang

Ou kapab depoze yon plent nan nenpòt lang san w pa pran randevou. Lè sa nesesè, depi yo depoze yon dosye, Komisyon Philadelphia pou Relasyon Moun (Philadelphia Commission on Human Relations) pral fè yo tradui dokiman ki gen rapò ak dosye a nan lang natif natal ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon

Komisyon Philadelphia pou Relasyon Moun

Rele nan: 215 -686-4670

Adrès Imèl: PCHR@phila.gov

Ale sou: www.phila.gov/humanrelations